ESKE'W GEN
PWOBLÈM LAKAY OU?

Aprann dwa'w nan peyi sa-a

CHAPE ANBA VIOLANS DOMESTIK NAN PEYI ETAZINI

1-800-799-7233

Women Have Rights in the USA

There is help available!

Contents

Ti liv sa-a eksplike kouman ou menm ak pitit ou kapab jwenn èd pou nou chape anba violans lakay nou. Gade enfòmasyon sa yo:

Kisa violans domestik la ye?... 2–4

Pwoteksyon viktim genyen gras a lwa imigrasyon..... 5–8

Pwoteksyon viktim genyen an ba lwa lafanmi ak dwa'w pou òd pwoteksyon 9–11

Benefis byennèt sosyal 12

Inform yourself!

Si wap sibi violans lakay ou anba men moun wa-p viv ak li a. ou gen dwa pou'w jwenn sèvis sa yo, kèlkeswa kondisyon imigrasyon ou:

1. Sèvis ak pwogram kay nan ka ijans ki bay pwoteksyon pou moun ki chape ansanm ak pitit yo anba violans domestik.
2. Yon lòd ki soti nan tribinal pou pwoteje'w ak pitit ou kont moun sa -a kap abize nou-an, pou moun sa pa gen dwa pwoche kote nou
3. Yon tribinal kapab ba'w gad timoun yo epi tou fè'w jwenn sipò pou yo
4. Yon aksyon divòs menm si moun ou marie ak li ki tap fè ou abi-a pa dakò
5. Èd lapolis
6. Swen medikal pou ka ijans
7. Benefis piblik leta bay pou pitit ou ki sitwayen meriken
8. Posiblite pou ou gen papye imigrasyon san èd moun ou ap viv ak li-a e ki ap fè abi sou ou nan yon fason ki konfidansyèl. Nan ka sa, se pou ou kalifie anba lwa ki pwoteje fanm imigran ki chape abi lakay-li.

Si'w se yon avoka oswa yon espesialis nan zafè imigrasyon epi'w ta renmen gen plis enfòmasyon sou sijè ki diskite nan ti liv sa, tanpwi ale nan http:/www.legalmomentum.org_oswa rele nan (202) 326-0040.

Bat madanm oswa moun ou ap viv ak li-a se yon krim nan peyi sa-a

Violans Domestik

Kisa violans domestik la ye?

- Violans Domestik se yon kalite kondwit abizif ki gen tandans pou manipile oswa kontwole moun viktim nan.
- Kondwit sa yo se tankou abi fizik ak abi seksyèl, men tou yo kapab vèbal oswa emosyonèl
- Viktim nan kapab santi li pè, li pa gen kontwòl sou lavi li, epi tou li kapab blame pwòp tèt pa li pou abi li soufri



Kisa'k koze violans domestik?

- Anpil gason kw yo gen dwa kontwole fanm you osinon f yo pase miz
- Anpil patnè abizif pa pwan responsablite pou pwòp movèz kondwit yo. Anpil fwa, yo mete aksyon yo fè sou do estrès, oswa tafia, yo di yo pèdi kontwòl oswa yo di se fòt viktim nan.
- Moun ki viktim anba violans domestik konn toujou rete nan relasyon abizif sa yo pou rezon

Moun kap fè abi yo kapab sèvi ak taktik sa yo pou yo kontwole viktim yo:

ENTIMIDASYON: Se lè yo fè viktim nan pè ak aksyon, ak jès yap fè tou. Yo rele sou li epi yo fè'l menas.

METE APA: Se lè yo kontwole aktivite viktim nan ak lòt moun, tankou ak kimoun viktim nan soti, ki kote yo ale, kilè ak poukisa. Yo pa pèmèt viktim nan apwann Angle, kondi machin ak chache travay. Yo pa pèmèt viktim nan rele fanmiy li nan peyi'l oswa yo limite kontak li ak moun deyò.

ABI EMOSYONÈL: Fè viktim nan santi li mal alèz ak kò li, entèlijans li ak fason li abiye. Fè'l santi li pa vo anyen, epi se pou tèt kondwit li ak aksyon'l ki fè'w fè abi sou li.

MENAS: Lè moun ki ap fè abi-a di lap rele polis oswa imigrasyon si'w pa fè sa'l vle ou fè. Lè li fòje pawòl epi li vlé fè'w kwè'w kapab ale nan pwizon. Lè'l menase pou'l pwan timoun yo nan men'w, oswa pou'l divòse ak ou, oswa pou'l pa plen papye imigrasyon pou ou, oswa pou'l anile aplikasyon li te plen pou ou.

AGI TANKOU YON TIRAN: Lè'l trete'w tankou yon domestik; se li menm ki pwan tout desizyon enpòtan nan kay la, ak lè'l fosé'w fè bagay ou pa vle fè. Osinon li pwan tou sa ou genyen.

ABI EKONOMIK: Lè'l pa vle'w travay; oswa fè'w travay san papye osinon ak fo papye; bò'w sèlman kòb pou'w achte manje san li pa bò'w dwa sou lòt kòb oswa sou kòb nou gen labank; lè'l pwan chèk travay ou epi li pa ba'w ladan oswa li limite'w nan lajan-an.

ABI SEKSYÈL: Lè'l fòse'w fè sèks san'w pa vle; itilize'w sèlman pou fè sèks, lè'l fòse'w fè bagay ki fò'w santi'w sal oswa ki fè ou wont.

PWAN TIMOUN YO POU PWETÈKS: Lè'l fè'w santi'w gen tò epi li rann ou responsab tout sa'k rive nan lavi timoun yo. Lè'l ensilte'w oswa imilye'w devan timoun yo. Lè'l pwan dwa'w kòm paran epi'l moute tèt timoun yo kont ou. Lè'l menase pou'l rapòte timoun yo bay imigrasyon. Lè'l menase pou'l fè depòte'w epi po'w pap janm wè timoun yo ankò.

Violans domestik afekte pitit ou

Youn nan pi gwo sousi nou genyen kòm paran se pou'n wè pitit nou ap grandi nan kè kontan. Timoun ki wè abi manman yo ap andire, anpil fwa timoun sa yo konn twouble.

Men kèk konsekans ki genyen pou timoun ki viv nan violans domestik:

- Yo mache tèt bese, se yon kwayans ki fè timoun nan panse pa gen moun ki renmenm'l epi timoun sa-a konn pè rete pou kont li.
- Yo gen yon konpòtman violan sanzatann tankou yo frape, mòde, pouse, ensilte lòt moun, epi kraze nenpòt jwèt yo genyen
- Timoun sa yo aji kon granmoun, yap eseye rezoud pwoblèm fanmi-an epi tou yap eseye di'w sa pou'w fè pou'w pa gen plis pwoblèm ak lòt patnè-a.
- Yo pa travay byen lekòl, yo gen kochema, depresyon, yo santi yo se yon wont, yo gen laperèz, yo gen pwoblèm pou yo manje, yo pa dòmi byen.
- Timoun sa yo fè bagay ki ka detwi lavi yo pou yo ka chape anba pwoblèm fanmi-an, tankou dwòg, tafia, epi tou yo ka kite kay la. Yo ka eseye touye tèt yo, oswa rantre nan yon gang, oswa yo ka devlope anpil tandans kriminèl.

Genyen èd ki disponib pou pitit ou. Mande avoka ki nan lojman ki pi pre ou oswa ki nan pwogram violans domestik kouman'w ka jwenn konsèy pwofesionèl pou pitit ou. Genyen avoka espesyal pou timoun epi tou gen konseye kap travay ak pitit ou kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo.

Fab ak Reyalite:

Fab #1 : Violans domestik se yon bagay pwive yo regle nan fanmi.

Reyalite: Violans domestik se yon krim. Ou merite menm pwoteksyon, menm èd menm menm sèvis ki gen nan peyi sa-a pou nenpòt moun ki viktim anba abi fizik oswa abi seksyèl.

Fab #2 : Fanm yo responsab pou abi yo soufri paske se yo'k chache'l osinon se yo ki pwovoke nonm la.

Reyalite: Violans domestik se yon mòd konpòtman abizè yo itilize pou yo enpoze volonte yo epi tou pou yo kontwole viktim yo. Ou pa responsab konpòtman moun kap abize'w epi tou ou pa merite pou okenn moun abize'w.

Fab #3 : Violans domestik se rezilta konsekans alkol ak dwòg.

Reyalite: Anpil abizè pa bwè tafia epi yo pa pwan dwòg, menm jan tou gen anpil moun ki bwè epi ki pwan dwòg men yo pa abize moun. Jeneralman, abize yo itilize tafia ak dwòg tankou yon defans pou zak violans yo fè pase pou yo pwan responsablite yo pou zak sa yo.

Fab #4: Si'm kouri kite moun kap abize'm nan, se li kap gadyen timoun yo paske mwen pa gen papye imigrasyon

Plan sekirite pou fanm imigran yo

Sa ki pi enpòtan se sekirite pou tèt ou!

Fab ak reyalite *(Continued)*

Reyalite: Jeneralman jij la ap enterese nan pwoteksyon timoun yo epi tou lap gade sa kappi bon pou yo. Tribinal la ap peze pou'l wè ki moun nan paran yo ki abize lòt oswa ki ka abize timoun yo, epi lap itilize sa kont paran ki abizè ya nan jijman pou wè ki moun kap gadyen timoun yo.

Fab #5: Si'm pa gen papye imigrasyon mwen pa gen dwa pou'm jwenn sèvis sosyal ak sèvis legal.

Reyalite: Tout imigran ki viktim anba violans domestik, kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo, gen dwa pou yo jwenn lojman nan ka ijans, epi tou yo dwe jwenn sèvis sosyal ak sèvis legal nan òganizasyon ki trayay ak moun ki chape anba violans domestik.

Fab #6: Si'm rele polis yap depòte'm paske'm pa gen papye.

Reyalite: Lapolis gen obligasyon pou yo pwoteje tout moun ki viktim kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo. Si'w pa rele oswa si'w pa pale ak lapolis, yo pap kapab vin ede'w. Lapolis ap fè abizè ya konnen tout moun gen dwa nan peyi sa-a, epi lalwa ap pini'l si'l fè krim sou ou oswa frape'w.

Tout lwa ak pwogram sosyal pou moun ki chape anba violans domestik genyen yon sèl bi: se pou'w gen sekirite lakay ou. Se ou ki kle pou asire siksè bi sa-a. Se pou'w aktif, planifye davans! Men kèk konsèy ki ka ede'w demen.

Be proactive, think ahead!

- Planifye kouman pou'w kite kay la si violans fizik la dechennen ak ki kote pou ou chape.
- Kenbe nan tèt ou nimewo ijans tankou 911, epi montre pitit ou kouman pou yo rele 911 si gen danje. Fè yon plan sekirite ak timoun yo pou yo konnen kouman yo dwe aji si violans dechennen.
- Pale ak moun ou fè konfyans sou sa kap pase-a, epi tou mande kouman yo ka ede'w si'w ta gen bezwen.
- Ranje yon valiz: mete lajan, kopi papye kay la ak kle machinn ou, papye enpòtan tankou orijinal ak kopi papye imigrasyon'w, paspò, batistè ak lòt dokiman ki soti nan peyi'w, medikaman pou ou menm ak pitit ou, elatrye. Kite valiz sa-a kay yon fanmi oswa yon zanmi, oswa nan legliz ou oswa nenpòt lòt kote ki gen sekirite pou ka ijans. Lap pi fasil pou'w kouri kite kay la si gen yon ijans, san ou pa gen kè kase pou bagay wap bezwen.
- Kontakte yon avoka violans domestik. Lap ka ede'w ou bati yon pi bon plan sekirite nan ka pa'w la. Tout sa ou di avoka-a ap rete sekrè. Nan dèyè bwochi sa-a gen yon ekzanp plan sekirite.

If you would like more information about local services and how to contact a local advocate, call the free national emergency line at 1-800-799-7233. Your call will be strictly confidential. You can also visit http://www.thehotline.org.

Pwoteksyon anba lwa imigrasyon

Solisyon legal pou imigran fanm ak timoun ki chape anba violans domestik

Ak Violans Domestik Kont Fanm (yo rele'l tou VAWA) genyen ladan provisyon espesyal imigrasyon ki pou pwoteje fanm imigran ki sibi violans ak tout pitit yo. Men kijan VAWA kapab pwoteje ou ansanm ak pitit ou:

1. Aplikasyon pou chanje estati rezidans kondisyonèl pou vin gen estati rezidans pèmanan san asistans mari'w kap abize'w, epi tou ou pap bezwen tann 2 zan pase si ou ka montre ou se viktim.
2. Aplike pou tèt ou paske'w sibi violans kòm madanm oswa si ou se pitit yon sitwayern meriken oswa pitit yon rezidan pèmanant legal anba lwa VAWA.
3. Aplike pou tèt ou paske'w sibi violans kòm paran yon pitit ki gen plis pase 21 nan, epi ki se sitwayen meriken oswa ki gen rezidans pèmanant.
4. U Viza pou imigran ki chape anba kèk krim violans
5. Papye travay pou fanm ak timoun ki te vin Ozetazini sou viza mari yo oswa paran yo, men yo pat pèmèt yo travay sou viza sa-a, tankou Viza A, Viza E, Viza G, ak Viza H.
6. Aplike pou anile depòtasyon si ou nan tribinal imigrasyon si ou toujou devan jij imigrasyon, osion opòtinite pou'w reouvri dosye depòtasyion'w si'w kalifye pou yon benefis anba VAWA.
7. Aplike pou azil sou baz sèks ou (sa vle di si'w te sibi pèsekisyon poutèt ou se fanm oswa gason).

The Violence Against Women Act (also known as VAWA) contains special immigration provisions that protect abused immigrant women and their children.

Legal Remedies

1. PWOTEKSYON POU IMIGRAN FANM AK TIMOUN KI GEN ESTATI REZIDANS PÈMANANT KONDISYONÈL

- Si Kat Rezidans Pèmanant ou-a make "CRI" sou li, sa vle di ou gen Rezidans Pèmanant Konsisyonèl. Gen yon dat ekspirasyon sou kat la ki mwens pase 2 zan, koumanse depii nan dat ou te resevwa'l.
- Lwa-a di konsa 90 jou avan dèle 2 zan apwe ou te fin pase entèviou pou rezidans pèmanant lan, gen kèk papye ou menm ansanm ak mari'w dwe voye nan imigrasyon pou'w ka vin yon rezidan pèmanant sans kondisyon.
- Si'w te sibi violans nan maryaj ou, epi'w gen rezidans kondisyonèl, ou ka plen yon fòm ki mande pou pèmèt ou aplike pou rezidans pèmanant san asistans mari ou. Lè'w fin jwenn rezidans kondisynèl ou, ou pap bezwen tann jouk 2 zan-an rive. Depi lè ou konnen mari'w fè desisyon pou'l pa kontinye pwosesis imigrasyon-an epi lap abize'w, ou deja kalifye pou'w aplike. Ou kapab antre pitit ou nan aplikasyon-an pou menm demann sa-a.

2. APLIKE POU TÈT OU ANBA VAWA

Solisyon sa-a pwoteje imigran ki chape anba violans domestik, pou ede yo gen rezidans pèmanant nan peyi Etazini san yo pa bezwen asistans mari yo oswa paran-an ki abize yo-a.

Kimoun ki ka aplike pou tèt yo anba vawa?
Gen 5 kondisyon imigrant ki chape anba violans domestik la dwe ranpli; gade rezime sa-a ki anba-a, men gen kèk eksepsyon ki kapab fèt:

1. **Marye ak yon Sitwayrn meriken oswa yon Rezidan Pèmanan:**
   a. Ou dwe pwouve ou toujou marye oswa ou te marye ak yon sitwayen meriken oswa yon rezidan pèmanan nan 2 dènye ane'k pase yo;
      i. Si mari'w ki se te yon sitwayen meriken mouri nan 2 dènye'k pase yo, ou toujou elijib.
      ii. Si mari'w pèdi estati imgrasyon li nan 2 dènye ane'k pase yo poutèt yon insidan violans domestik, ou toujou kalifye.
   b. Timoun ki ponkò gen 21 nan kapab aplike yo menm si vrè paran'l oswa paran ki adopte'l, oswa bòpè ki abize'l la se yon sitwayen meriken oswa yon rezidan pèmanan, oswa si li te sitwayen meriken oswa yon rezidan pèmanan nan 2 dènye ane'k pase yo.;
   c. Si pitit ou gen plis pase 21 nan men tou yo ponkò gen 25 kan, yo ka kalifye si yo ka pwouve yo te sibi violans e yo ka montre se poutèt abi-a you te voye aplikasyon-an anreta.
2. **Ou te fè bon maryaj**
   a. Wap gen pou'w pwouve ou pat gen lide twompe leta, sa vle di ou pat antre nan relasyon maryaj la sèlman pou'w te ka jwenn benefis imigrasyon.
   b. Si moun ki ap abize ou-a te marye ak plis pase 2 fanm ansanm, ou kapab kalifye si ou ka montre ou te marye ak moun sa nan bon kondisyon e ou pat konnen maryaj la pat legal.
3. **Si nou tap viv ansanm**
   - Lèt ou te resevwa, lèt ki sou nom moun nan oswa sou nom nou ansanm, bil, lèt nou resevwa nan men moun ki lwe nou kay oswa lèt vwazen nou ki konnen'w tap viv ansam ak moun ki fè ou abi-a, tout bagay sa yo sifi.
4. **Ou te sibi abi fizik oswa abi seksyèl oswa ou te anba soufrans tèrib.**
   - Sonje menm lè'w pat sibi abi fizik, ou ka toujou kalifye poutèt abi sikilojik, abi mantal ak abi emosyonèl.
5. **Ou se yon moun ki gen bon konduit moral.**
   - Si ou te fè yon krim li konekte ak violans domestik oswa se paske ou te viktim anba violans domestik, ou ka toujou kalifye men ou dwe konsilte yon avoka anvan ou plen nenpòt ki papye.

Pou ou kalifye pou pwoteksyon sa yo li pa ekzije pou wap viv nan peyi Etazini. Si ou menm ansanm ak pitit ou ap viv deyò peyi Etazini, ou ka toujou kalifye, men tou'w ka bezwen sèvis yon moun ki se yon ekspè nan lwa imigrasyon.

3. PWOTEKSYON ANBA VAWA POU PARAN YO ABIZE

Si pitit ou gen plis pase 21 nan, si'l se yon sitwayen meriken, epi si'l abize ou, bat ou, fè'w mennen yon lavi ki di, ou kapab kalifye pou pwoteksyon espesyal anba VAWA pou paran ki sibi violans anba men pitit yo ki se sitwayen meriken.

4. VIZA "U" KI PA YON VIZA IMIGRAN MEN KI POU MOUN KI CHAPE ANBA KÈK KRIM VIOLANS:

Si'w pa kalifye pou'w aplike ou menm anba VAWA men ou te viktim anba yon krim espesifik tankou violans domestik, kadejak, abi seksyèl, kontrebann, kidnaping, oswa kèk lòt krim violan anba men yon etranje oswa patnè'w, menaj ou, moun kap travay ansanm ak ou, bòs travay ou oswa nenpòt lòt moun, ou kapab kalifye pou lòt benefis imigrasyon tankou Viza-u.

Ki moun ki ka kalifye pou viza-u?
Me pwèv ou dwe bay pou'w kalifye Viza-u:

1. Ou te viktim anba yon krim violans espesifik epi'w te soufri abi fizik oswa anpil abi mantal akòz krim sa-a.
2. Ou gen enfòmasyon sou krim nan.
3. Aktivite kriminèl sa-a te fèt nan peyi Etazini oswa li viole lwa peyi Etazini.
4. Ou te ede, oswa wap ede, oswa ou kapab ede nan envestigasyon pou yo pouswiv zak kriminèl sa-a.
5. Yon ofisyèl nan gouvènman sètifye'w te ede, oswa wap ede, oswa ou kapab ede yon ofisye Federal, oswa nan Eta-a, oswa nan lokalite-a, oswa yon pèsekitè, oswa yon jij, oswa yon ofisye imigrasyon, oswa nenpòt lòt otorite nan gouvènman kap envestige oswa ki la pou pouswiv zak kriminèl.

Kondisyon imigrasyon moun ki abize'w la pa enpòtan pou'w kapab kalifye pou benefis sa-a. Ou ka mete mari'w oswa madanm ou ak pitit ou pou yo kapab jwenn menm benefis imigrasyon legal paske ou te antre yo nan aplikasyon-an.

Legal Remedies (continued)

5. PWOTEKSYON ESPESYAL IMIGRASYON POU FANM AK TIMOUN KI DEPANN SOU VIZA MOUN KI ABIZE YO-A, MENM SE SE PA YON VIZA IMIGRAN

Anba VAWA 2005, ou kapab jwenn papye travay si ou gen yon viza ki depann sou viza abizè ou-a, si se travay li ki te pèmèt li jwenn viza sa-a.

Si abizè'w la gen nenpòt nan viza sa yo: Viza A (Diplomatik), Viza (iii) (Kontra Biznis), Viza G (anplwaye yon gouvènmant etranje), oswa Viza H (Viza komès pou plizyè categori), epi mari'w oswa madanm ou te abize'w nan maryaj la, ou kapab kalifye pou papye travay.

Pwovizyon sa-a pa pèmèt ou depann totalman sou viza imigrasyon pwensipal moun ki fè abi-a, men li kapab ede'w kalifye pou papye travay pou ou menm ak pitit ou ka gen plis libète finansye. Sa ka pèmèt ou travay epi sa ka wouvè yon pòt pou'w ka gen pwòp viza imigrasyon pa'w, oswa sa ka yon pwemye pa anvan'w aplike pou yon Viza U.

Si moun ki fè abi sou ou-a la pèdi benefis imigrasyon'l, si'l divose ak ou, oswa si'l revoke viza-ou, ou pap kapab kalifye ankò pou papye travay. Tanpri li seksyon VizaU-a pou'w wè si'w kalifye pou yon lòt benefis.

6. NÒT ESPESYAL POU IMIGRAN FANM AK TIMOUN KI NAN YON PWOSÈ DEPÒTASYON KOUNYE-A OSWA KI TE DEJA GEN LÒD DEPÒTASYON

Si ou nan detansyon imigrasyon epi si ou te viktim anba violans domestik, ou kapab kalifye pou yo anile depòtasyon-an anba VAWA oswa pou yon Viza U menm lè'w nan men imigrasyon. Ou dwe fè ofisye imigrasyon-an konnen ou te viktim anba violans domestik.

Menm jan tou, si ou pè pou lavi'w sizoka yo depòte'w nan peyi kote'w te soti paske yo te pèsekite'w, oswa yo te tòtire'w, oswa fè kadejak sou ou, si yo te domaje pati prive'w paske ou se fanm oswa poutèt kwayans ou sou dwa fanm, ou dwe fè ofisye oswa jij imigrasyon-an konn sa lamenm epi mande azil.

Ou ka mande pou ou pale lamenm ak yon avoka oswa yon jij imigrasyon. Sonje ou pa oblije siyen okenn papye epi ou pa dwe siyen okenn papye san konsèy avoka ou. Si'w siyen yon papye san'w pa konsilte ak avoka'w, ou ka siyen papye ki kapab elimine chans pou ou rete legalman nan peyi sa-a.

Finalman, si se pandan wap antre oswa se pandan ou nan peyi-a yo dépòte'w, oswa youn tribinal kriminèl te jwenn ou koupab youn move zak, li enpòtan anpil pou'w konsilte yon avoka violans domestik ki se yon ekspè nan imigrasyon pou'w ka konnen ki chwa ou genyen anvan ou aplike pou youn nan benefis sa yo.

7. PROTECTION FOR IMMIGRANT WOMEN THAT SUFFER PERSECUTION FOR BEING WOMEN IN THEIR HOME COUNTRIES:

There are immigration laws that protect people when:

- they have suffered persecution in their home country due to political or religious beliefs, or for being part of a special social group;
- the government was a part of the persecution and could not protect the person, and:
- there is a provable risk that those people can be killed or tortured if they return.

If you have suffered rape, genital mutilation, domestic violence etc. in your home country or have been persecuted and tortured due to your beliefs regarding women's rights and fear of being tortured or killed if you return, you might be able to ask for asylum in this country.

These cases are very difficult to prove and you should contact an immigration attorney before sending any application for asylum.

Under VAWA 2005, you can obtain employment authorization if you have a non-immigrant visa that depends upon your abuser's non-immigrant visa that he obtained related to his work.

Keksyon ak repons sou òd pwoteksyon sivil

"SA SA VLE DI "YON LÒD PWOTEKSYON SIVIL?"

Se yon pwosedi ki pèmèt yon viktim violans domestik, ki te sibi violans fizik oswa yo te menase pou fè'l soufri nan kò'l, oswa'l pè pou yo pa abize'l, mande yon jij pou bay moun ki ap fè abi-a lòd pou sispann fèl abi.

"KISA KAP RIVE SI OU MANDE YON LÒD PWOTEKSYON?"

- Nan anpil Eta, jij la ap revize demnann ou fè pou pwoteksyon-an, epi si li detèmine gen yon posiblite yo te abize'w, lap ba ou yon pwoteksyon pou yon tan epi lap mete yon dat pou yon jijman pou'l deside si pwoteksyon-an dwe vin pèmanan.
- Ou menm ak moun ki fè abi a, lap parèt nan jijman pèmanan lan. Wap gen chans pou'w pwouve tribinal la li te konn abize'w epi ou bezwen pwoteksyon kont li pou demen.
- Abizè'w la ap gen chans tou pou'l defann li kont tout akizasyon ou mete sou do'l.
- Anpil fwa abi yo konn rive menm nan entimite nan kay la.wap genyen pou ou di jij la sa'k te pase. Si ou gen blesi, grafouyen, rad chire, bagay ki te kraze, moun ki te wè oswa ki te tende wap rele, elatrye, wap kapab pwezante yo bay jij la pou rann deklarasyon ou lan pi veridik.
- Lalwa nan Eta-a pèmèt jij yo ba ou anpil kalite solisyon nan òd pwoteksyon ou lan tankou: retire moun ki fè ou abi-a nan kay kote nap viv ansanm, gadryen timoun yo, lajan pou sipòte timoun yo ak pou repare bagay abizè-a te kraze. Anpil fwa abizè-a konn gen dwa pou'l vizite timoun yo. Mande jij la tout sa ou bezwen pou ou ka siviv apwe abi sa-a. Sonje mande jij la pou'l bay abizè-a lòd pou'l renmèt ou dokiman imigrasyon ou, paspò, batistè, ak lòt papye ak tout lò bagay ki enpòtan tou.

"SI'M PA PALE ANGLE BYEN, KI MOUN KI KAPAB EDE'M?"

Genyen avoka violans domestik ki travay nan sant pou fanmi ki sibi violans ki kapab asiste ou nan tout pwose-a. Gen kèk pwogram violans domestik ki gen anplwaye ki pale 2 lang oswa yo kapab jwenn entèprèt. Ou dwe mande jij la tou pou ba ou yon entèprèt ki ka entèprete pou ou nan jijman.

"ÈSKE JIJ LA AP RELE IMIGRASYON OSWA ESKE LAP DEPOTE'M SI'M MANDE PWOTEKSYON?"

Non. Jij kap prezide sou lòd pwoteksyon-an pa yon jij imigrasyon. Epi tou jij la pa dwe rele otorite imigrasyon paske wòl li se pou'l asire ou menm ak pitit ou jwenn sekirite ak pwoteksyon.

"MOUN KI FE-M ABI-A GENYEN TOUT PAPYE IMIGRASYON'M, SA'K PWAL RIVE AK KA IMIGRASYON MWEN-AN?"

Sonje pou ou mete nan lòd pwoteksyon-an bagay sa yo abizè-a dwe fè:

1. Li dwe kontinye ka imigrasyon'w lan
2. Li pa dwe kontakte ofisye kap fè aplike lwa imigrasyon
3. Li dwe peye tout lòt frè wap gen pou ou peye pou aplikasyon imigrasyon ou
4. Li dwe siyen yon dokiman ki rele Freedom of Information Act (FOIA), pou pèmèt ou wè ki kote ka imigrasyon ou ak tout pa li a ye, epi tou ki sa ki nan dosye-a.
5. Li dwe ba ou dokiman imigrasyon ou, kopi paspò oswa kopi kat rezidans li, epi tou li dwe ba ou kopi oswa orijinal tout dokiman ak tout pwèv wap bezwen pou'w sipòte ka imigrasyon ou si ou gen plan pou ou aplike ou menm anba VAWA.

"LI MENASE POU'L FE'M RETOUNEN NAN PEYI'M AK PITIT MWEN SI'M MANDE ED"

Tanpwi, di jij la tout sa ou pè. Li posib tou pou ou fè mete pwovizyon nan lòd pwoteksyon-an ki pou enpoze pou yo pa kidnape paran-an nan kèlkeswa kote sou tout latè. Sa ka ekzije tou pou yo ba'w paspò tout timoun yo, poste yon bonn epi tou mande jij la pou'l siyen yon òd pou anpeche peyi moun ki fè abi-a bay timoun ou yo viza oswa paspò. Si ou panse lavi timoun yo an danje, mande jij la pou yo sipèvize vizit yo.

"SI'M CHANJE LIDE'M OSWA SI'M VLE VIV AK LI, ESKE MWEN KA RETOUNEN VIV AK LI EPI KENBE LOD PWOTEKSYON-AN?"

Wi. Nan pweske tout Eta yo, òd pwoteksyon-an dire youn jouka 3 zan. Ou kap jwenn yon òd pwoteksyon menm lè nou toujou ap viv ansanm. Lòd sa-a ap di moun ki fè abi-a pou'l pa frape'w, ni fè'w okenn tò, ni pou'l abize ou oswa menase ou demen. Si nou te separe lè'w te jwenn lòd pwoteksyon-an epi ou chanje lide oswa ou vle tounen viv ak patnè'w la ankò, ou ka fè sa epi pwovizyon ki di'l pa gen dwa frape'w, oswa menase ou oswa abize ou, pwovizyon sa-a ap toujou anfòs. Men tou ou ka mande jij la pou li fè kèk chanjman nan lòd la dapwe bezwen ou.

Pwoteksyon anba lwa poulafanmi

NAN PEYI ETAZINI, OU GEN DWA POU OU:

- Mande tribinal la pou èd menm si ou gen avoka oswa menm si ou pa gen avoka, kèlkeswa kondisyon imigrasyon ou.
- Aplike pou divòs san konsantman moun ki fè ou abi-a epi mande pou yo separe byen nou genyen.
- Mande yon lòd pwoteksyon ak pwovizyon oswa san pwovizyon ki deklare pou moun ou tap viv ak li-a rete lwen ou.
- Mande sipò pou ou menm ak pitit ou, menm si ni ou menm oswa moun ou tap viv avk li- a pa gen papye imigrasyon.
- Kite kay ou nan ka danje san ou pa pèdi dwa sou pitit ou ak sou byen nou genyen.

AVANTAY ESPESIFIK KI GENYEN NAN YON LÒD PWOTEKSYON

Men kijan lòd sa-a kapab pwoteje ou:

- Anpeche abizè-a frape ou, nwi ou, menase ou. Anpeche'l pwoche ou lakay ou oswa nan twavay ou oswa legliz ou.
- Bay moun ki fè ou abi-a lòd pou'l renmèt tout zam li bay lapolis.
- Pou moun ki fè ou abi-a renmèt ou tout byen pòsonèl ou ki nan men'l ak tout lòt bagay jij la mete sou lis pou'l ba ou.
- Mande moun ki fè ou abi-a:
  - Pou'l pa kontakte imigrasyon
  - Pou'l kontinye ka imigrasyon'w lan
  - Pou'l renmèt tou dokiman enpòtan viktim nan bezwen pou'l aplike anba VAWA, tankou nimewo sekirite sosyal li, batistè, nimewo Alyen li, bil limyè ak bil dlo ki sou nom'l, dokiman ki pwouve nou tap viv nan menm kay, batistè ak sètifika batèm timoun yo, sètifika maryaj.
- Mande nan lòd pwoteksyon-an pou yo ka sipèvize vizit moun ki fè ou abi-a si ou panse'l gen entansyon pou'l kidnape timoun yo, epi tou mande'l pou'l renmèt ou dokiman esansyèl tankou paspò timoun yo.
- Mande nan lòd pwoteksyon-an pou abizè-a peye sipò pou timoun yo. Ou kapab mande sipò pou jouktan ou gen papye pou ou travay.

Sonje: Lè'w fin jwenn lòd pwoteksyon-an se yon papye, wap bezwen travay ak yon konseye ki pou ede ou devlope yon plan sekirite sou ki sa ou dwe fè an plis. Sonje kontakte yon kon oswa rele 911 si moun ki fè ou abi-a pa respekte lòd pwoteksyon-an.

ASISTANS PIBLIK POU TOUT IMIGRAN

Si ou viktim oswa si ou chape anba violans domestik, ou menm ak pitit ou kalifye pou asistans piblik kèlkeswa kondisyon imigrasyon ou:

- Sèvis pwevansyon ak entèvansyon pou Violans Domestik tankou ba ou konsèy ak chwa pou ou ale rete nan refij.
- Sèvis pou ou jwenn kay pou yon ti tan, tankou refij pou timoun ki minè nan lòt kay, ni moun ki chape anba Violans Domestik epi ki pa gen kay.
- Nenpòt lòt èd pou kenbe lavi ou ak sekirite pèsonèl ou.
- Lòt sèvis medikal nesesè pou kenbe lavi'w ak sekirite pèsonèl ou, tankou sèvis nan ka ijans, sèvis sante mantal, sèvis pou moun ki abize dwòg ak sèvis pou moun ki domaje, elatrye.
- Pwogram Kominotè distribisyon manje, kantin piblik, pwogram nitrisyon pou granmoun ak sèvis pou moun ki gen bezwen espesyal.
- Lè'w fin voye Aplikasyon'w lan, si tout bagay oke pandan yap deside sou ka'w la, wap resevwa yon notis nan men imigrasyon ki etabli kondisyon (prima facie) nan ka'w la. Ak notis sa-a, wap ka aplike pou benefis piblik, wap kapab jween asistans kay ak chimen ledikasyon lamenm. Depann nan ki eta wap viv epi tou si'w te nan peyi Etazini depi nan mwa Out 1996, ou ka jwenn anpil lòt benefis piblik .

Pou plis enfòmasyon, rele refij oswa sant violans lafanmi ki pi pre ou. Pou jwenn nimewo telefòn refij lokal oswa sant violans lafanmi, rele nimewo nasyonal gratis sa-a pou ka ijans nan (1-800-199-7233).

Mwayen pou'w chape ak plan sekirite

Tablo sa-a se yon demonstrasyon ki kapab chanje dapwe sikonstans ou. Panse davans! Ou konnen piben pase tou moun kijan pou bay tèt ou sekirite. Panse sou tout sitiasyon ou ka rankontre epi tou pwepare'w pou yo.

ANDWA	PLAN AKSYON	KONTAK
LAKAY	Pa rete kote'k koense pou anpeche'w kouri. Pa rete nan kizin nan kote'k gen zam tankou kouto, elatrye.	Pale ak yon vwaze fè konfyans epi vini ak yon chandèl oswa nenpòt siy pou fè'l konnen pou'l rele polis. Moutre pitit ou kouman pou yo rele 911 ak kouman pou yo kache kò yobon kote si gen violans.
TRAVAY		
LEKÒL		
FANMI		
LARI		
GENERAL		

Protection Card for Immigrant Survivors of Crimes of Violence

I have been abused by my partner. I do not wish to talk to you without calling an immigration lawyer. Please do not ask me any questions nor to sign any papers without my attorney being present.

Yo soy unavictima de los malostratos. No deseo hablar con usted sin un abogado. Porfavor no me hagan preguntasni me pidanquefirmepapeleshastaque mi abogadoesté presente.

Telephone: 1-800-799-7233

LEGAL momentum
The Women's Legal Defense and Education Fund

ASISTA

Created by ASISTA, a program of the Iowa Coalition Against Domestic Violence
and the Immigrant Women Program of Legal Momentum

Author: Sonia Parras Konrad, Esq.
Iowa Coalition Against Domestic Violence/ASISTA

All photos Copyright Leslye Orloff.

This brochure was supported by Grant No. 2005-WT-AX-K005 awarded by the Violence Against Women Office, Office of Justice Programs, U.S. Department of Justice. Points of view in this document are those of the author and do not necessarily represent the official position or policies of the U.S. Department of Justice.